Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр прожэ, жаIэ игъащIэми адыгэхэм. Сыхуейщ сэ гъуаз е хъуэхуэ си адэшхэм и дуней тетыкIар си щIэблэмэ щапхъэ яхуэхъуну, - жеIэ Къэмбэчокъуэм.

«Ленин гъуэгум» къыщыщIидза гъуэгуанэ

КУРЫТ щIыкIэ щыщIэсыжу уэз итхыу, литературэр фIыфIу, къуэмыдзэм я Iуэрыуатэр щIидзыкIыныр зыпимIэ щымыIэу щытащ Iэдэм. Апхуэдэу щытми, зыхуеджэну Iэдэм нэхъ зытригъэчыныхьыр дохутыр Iэщагъэрт. Арат и адэ-анэми яфIэкъабгъ.

Щколыр хъарзынэу къэзыуа щIалэм и щIэныгъэм хигъахъуэн мурад иIэу еджапIэ КъБКъУ-м къыщыкIуар мыпхуэдэу кьеIуэтэж Iэдэм: «Университетым сха си тхьытхэр щыIах пэщIыкIстолитI щIэнт: зым дохутыр хъуну хуейхэм я тхьытхэр щыIахырт, адрейм филологием хуеджэнхэр бгъэдыхьэрт. НэпIэзыпIэм, кьысщыщIар сымыщIэу, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щыхъурагъаджэ кьудамэм сыщIэнысхьуну тезхуэрэ, си тхьытхэр естащ. ЕтIуанэ курсыр кьэзэхьуху ди анэм щIадыкIам сыщеджэ факультетыр. Уеблэмэ, си кьуэр дохутыр хъуну си хъуэпсапIэтэ, хиурургъу йоджэ, жиIэурэ зыщIигъэсIуэрам щыIащ».

Iэдэм ещанэ курсыр кьиуха нэужь, Ленинград дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым щыпищащ еджэнымк. Ар кьиуха нэужь, лэжьэн щыщIидзэр Аруан районым кьыщыдэкI «Маяк» газетым щрагъэжьащ. Абы мазэ зыбжанэкIэ щыIэжьауэ, «Ленин гъуэгу» газетым и редакцIэм къраГъэблагъащ. Газетым зэрыщыIэжьжьа илъэсхэм абы зыкьыпхъэтэгъуащ журналист зэчиифIэу, лэжьакIуэ яхьдэжру, зэрэжьаIэжьмкIэ, тхыгъэ купщафIэ куэди и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

Джатэм нэхъэрэ нэхъ жан

ДИ ГАЗЕТым зэрыщыIэжьар, нэхъыбэу зы тетхыхьу щытахэр сфIэгъэщIагъэуну ди псалъэмакъыр абыкIэ щыдгъэтIыт, си упщIэ хэм жэуап ябриткIэрэ мыхэр ящIэжиIащ си псэупIагъэм:

- Лениншрад университетыр кьыщIыхьым си диплом гъэжьагъэр зыгтхуэхуэу щытар Хэку зэушхуэм и зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщIидзэкIыу щыта газетхэрщ. Кьыдэкйагъэ куэд щыIэзэгъэдзэкIащ ЩэнэрыгъэмкIэ академием и библиотекэм и филиалу Ленинград дэт. Мис абы щыслъэгъуэ кьыдзэкIыгъуэхэр, сэ сыщыIожьа «Ленин гъуэгур», иджы махуэ кьэс сызэджэ «Адыгэ псалъэ» зэзгъэпащэм, мыращ жысIэнэр. Зэманым деклур лIыбжь, жиIакъэ Къэзанокъуэ Жэбагъэш. Зэманым деклуу кьоогъуэгурыкIуэ адыгэбзэкIэ кьыдзэкI газет закъуэр.

Сэ абы сыщыслэжьам нэгъуэщI уху хэкIэт кэралым нIэр. Газетым и кьаэлэн нэхъыщхьэр щыпIэм кьыщыхьу-кьыщыщIэхэр къэгъэльэгъуэн хуейуэ арати, «Ленин гъуэгум» хуэзфIэкI кьиигъанэрэгъэкъым Iэщыхьуэжэм, гъавэзгъэкIэм я Iуэхущафэхэм тетхыхьыныжкIэ. Абы нГъэлъапIэрт лъэпкъым и мэкъумэщыщIэ пашэхэр, псалъэм папщIэ, сощIэж Бор Арсен, Къатинэ Владимир, Iэрэмыкъэ Ахьмэд, Iэрчокьуэ Кьамболэт, Мыгъуэзт! Къэрэкьан сымэ ятеухуауэ дгъэхьэзыра тхыгъэхэр.

Нобэ ди псэукIэр нэгъуэщI хъуащи, ар ибгъэлъагъуэ «Адыгэ псалъэм» и напэкIэущхэм. Абы щыгъуэм зыкьетхьыхь хуэзэ щымыта Iуэхугъэ куэдым ят куэуа тхыгъэхэр кьыдто хуэ нджыреI газетым. Мыхьэнэ ин дыдэ яIэщ лъэпкъым и зыужьыныгъэм, зэкъуэтыныгъэм теухуа тхыгъэхэм. Хамэ къэралхэм икьуэха щыхъуа адыгэ куэд зэрыщIэ зэрыхъуаер, ди кьуэш республикэм яхудиIэ пыщIэныгъэхэр гур хигъахъуэу кьетъэльагъуэ «Адыгэ псалъэм». Мыри щIыгъуэжьнут. Газетым и напэкIэущхэм нэхъыбэрэ щыгъэльагъуэ сыкуейт щIэблэм щапхъэ яхуэхъун щIыхуэм ятеухуа очеркхэр, лэжьыгъэ мыхъумыщIэр щыкIыгъэльагъуэ рагурыкIуэхэм.

Журналистым и лэжьыгъэр нэхъ гугъу дыдэхэм ауэ сытым хабжэркъым. Зэи умытльагъуэ цIыхум дежи хущIыхьэу абы и хьэл-щэнхэр, и Iуэху зехьэкIэ хэр, и гурыгIу-гурыщIэр зэбгъэщIэныр, зыхъэпсынэныр, а рагъэ зэбгъэIуэну щIэныгъэмкIэ зэхуэмыдэ тхыгъэ ящIатыжныр тыншкъым. Ар кьохъуIэн папщIэ журналистикэм и щхэхухэм ущыгъуазэу, фом нэхъ нэхъ IэфIу, джатэм нэхъ нэхъ жану кьаIыгъэ тхьэмадэ хуэзэсакъыпIым хуейщ. Сэ а Iэмал пэсри кьэзгъэзыжьырыныжкIэ сэбэпышхуэ кьыкIухьэщащ а лъэхъэнэм редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэу щыта Мырзэкан Суфян, тыншу сыдэлэжьащ редактор нэхъыщхьэ Мэзыхъ Борис, псалъэ Iуапэ яхуэфащIащ Бекъан Чыланий, Хьэх Сэфарбий, Уэрэзей Афлик сымэ.

Адыгэ лъэпкъым и хьуГъуэфIыгъуэхэм хабжэ нобэрей «Адыгэ псалъэм» щекIуэкI лэжьыгъэр, сэ кьызэрысIатэжмкIэ, екIуу кьызэгъэпэща мэхъу, ар зыдэсIагъурэ абы и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцэ Мухьэмэдщи, езыр и лэжьакIуэхэри Iуэм иригъэфIакIэ.

Нобэрей Iуэхур пщэдей ямыгъэIэпхъуэу

КъБКъУ-м журналист Iэщагъэм щыхурагъэжьэну унафэ кьыщащтам япэу абы ирагъэблэгъащ Къэмбэчокъуэр. Зыпэрыт Iнатлэр игу ирихьми, кьелъэлъуахэр хуэгъэщIэхуаныкъым. Япэ щыкIэ Iуэм зэпхьыу гъэкьащ, ауэ къиинерситетым и пщэ кьыщыдалъхьа кьаIэнхэр нэхьыбэ хъуа нэужь, абы мыкIуэжу хъуакъым.

Зэрылажьэм хуэдэурэ Iэдэм и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ, абы и уэжькIэ щIэныгъэлI зэпIэзэрыпыр лъэпкъ филологиемкIэ факультетым и декан ящIащ. 1998 гъэм и доктор диссертацIэр Мэхъчъкъаева щыпхигъэкIащ. А зэманым кьриубыдэу абы и Iэдакъэ кьыщIэкIащ ди анэдэлъхубзэр ипкIи зыгъэкIуэта щIэныгъэ лэжьыгъэ куэд, а псом я нэхъыщхьэ къэпхъыпэ хъунущ адыгэбзэр курыт школэм щезыгъэдзкъэм ябгъэдилъхьа щIэныгъэр.

IэщIагъэлIхэмрэ унафэщIхэмрэ я щIэныгъэм щыхагъахьэу, етIуанэ Iэщагъэ щIрат центру КъБКъУ-м хэтыр УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ я унафэкIэ кьыщIыхьэфырэ, еджапIэщIэм и Iуэхуэр зэ теубгъэнр и пщэ кьыдалъхьащ, абы унафэщIуи ягъуэващ Къэмбэчокъуэр. Зи Iэщагъэм хуэзнижь, гугъуехьым щымышынэ щIэныгъэлIыр дзыхь кьыхуащIа Iэмал ятхъэ зыщIихьэлIа лъэпкощхъэпюхэм кьрагъэкIуэтакъым. Апхуэдэ центр здэщыIэ гъунэгъу хэгъуэгуэм кIуэнра я лэжьыгъэм щыгъуаз зищащ, зэман кIэщIым кьурибыдэуи еджапIэр зыхуейт хуэзэу зэтеуащ.

- Ди гупыр щыхуу 15 мэкъу, - жеIэ унафэщIым. - Хъарзынэу лэжьыгъэм хэзэгъаеу, зым Iэпыхур адрейм кьищIэжу мэлажьэ. Дэтхэнэ Iуэ хуэри и пэ зэрызэфIэкIыныгъэ; нобэ къуэшыпхъу пIащIэ ебгъэкIуэтакъым. Апхуэдэ центр здэщыIэ гъунэгъу хэгъуэгуэм кIуэнра я лэжьыгъэм щыгъуаз зищащ, зэман кIэщIым кьурибыдэуи еджапIэр зыхуейт хуэзэу зэтеуащ.

- Ди гупыр щыхуу 15 мэкъу, - жеIэ унафэщIым. - Хъарзынэу лэжьыгъэм хэзэгъаеу, зым Iэпыхур адрейм кьищIэжу мэлажьэ. Дэтхэнэ Iуэ хуэри и пэ зэрызэфIэкIыныгъэ; нобэ къуэшыпхъу пIащIэ, абы и деж чэнджэщкIуэ кьакIуэрт. Зи Iуэ-ху зэхуэмыхьу унагъуэхэми зэрахуэзфIэкIкIэ защIигъакъуэу, кьелъэкуар зэи имыгъэщIэ хъуу иIэхэм 106-кIэ псэуащ си адэшхэр.

Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр прожэ, жаIэ игъащIэми адыгэхэм. Сыхуейщ сэ гъуаз е хъуэхуэ си адэшхэм и дуней тетыкIар си щIэблэмэ щапхъэ яхуэхъуну, - жеIэ Къэмбэчокъуэм.

Щимэм и пIанэпэхэр градус дапщэ хъурэ?

АДЫГЭБЗЭМ хуеджэ ныбжьыщIэхэм куэдым хащIыкIыу я Iнатлэм пэрыхьэнымк гупыгъэшхуэ хуещI Къэмбэчокъуэ Iэдэм. Абы студентым и гупсысэр кьиIуэтэжу эрригъаеж, ныбжьыщIэхэм я къуэхьым зэрызэриГъэкIуэ Iэмал кьуэда иIэщ. Еджапкъэр нэхъ кьууэ игъэупсысэн, и щIэныгъэр эдынэсыр кьихутэн мурадкIэ, мыпхуэдэ упщIэкIэ захуигъэзэфынуф: «Щимэм и пIанэпэхэр градус дапщэ хъурэ?» Абы и жэуап тэмэм птын щхьэжь, щимэр зихуэдэр пщIэн зэрыхуейм гу лъагирыгъэн кьаIэнщ абыкIэ игъэуври, абы зи акьыл хуэкIуэ куэд и студентхэм кьаIэжкIэ, егъэджакIуэм Iыхьэлэйуэ и гуапэ мэхъу.

- Сэ сыхуейщ студентым и нэкIэ илъагъу кьудейм нэмыщI, нэгъуэщI куэди дунейм зэрытетыр кьыгурызгъэIуэну. Сэ сыхуейщ гъэкьыгъэм итыр зрагъэщIэн и пылъхьуэу, езыр хэм я гупсысэр зэхэсхыну. Мис аращ щимэр зытепщIыхьым ельытэу и пIанэпэхэм я градус бжьыгъэр зэрихьэщIыжьам сыщIытепсэлъыхьыр.

Вагъуэбзр зэкIэщIэпчу, зы вагъуэ къыпхуэхьынукъым

ЦIыхУм и закъуэ кьарыкIэ зыхуей псори зригъэхъулIэфу кьыщIэкIынкъым, дэIэпыкъуэгъу имыIэмэ; и дуней тетыкIэр, хьэл-щэныр езыр-езыру зэфIэувэрэкым, щапхъэ зытрихь имыгъэгъэнэ; насыпыфIэу къуфынчъуэ, ныбжьыгъэу пэж и гъащIэ гъуэгум щримыхьэлIэмэ.

Цыху насыпыфIэу зыкъелытэж Iэдэм, Iуэхукъ, лэжьыгъэкъэ, цIыхугъэкIэ гъунэгъу зыхуэхъуахэм яфI фIэкIа я зэран къекIакьымк.

- Сэ уняберситетым гъэжьэн зэрыщIыщIэзэдзэрэ сызыхэхуа цIыху гъуэзджэжэм куэдым сахуагъэIуащащ, языныкъуэхэм я хъуэхуэм щыщи зыхэслъхьащ, - жеIэ абы. - Вагъуэ хэм есльыт, абыхэм я нурым хуэдэу сызыщыщгуфIыкI куэд яхэтащ, ноби яхэтщ абыхэм. Псалъэм папщIэ, Iахьэжьэкъан хуэдэу гъэпсыкым къыхэкIыр зырызщ. Сэ абы сригъэджащ, нужьыкIи илъэс 20-кIэ сыдэлажьащ. Урыс Хьэтлий цIыху щэхут, лэжьакIуэшхуэт. Апхуэдэщ ХьэкIуащэ Андрей. ЕгъэджакIуэ Iэщагъэм щэху куэд хэлъащ, сэ абы зыигъэр хэсщIыкI хъуамэ, а лIы щэджащэхэращ зи фIыщIэр. КъБКъУ-м и ректору щыта Лъостэн Владимир, проректор Щыбзэкъуэ Азэмэт сымэ я Iуэху зехьэкIэмкI куэд кьыхэхсащ.

Дунейм ущытеткIэ, цIыху зэкъэмыщ куэдым уахэкъ. Сэ си насыпкъ кьыкIащэ кьызэлъытэ КIрашэ Зейнаб сцIыкуу зэрыщыгъам щхьэкIэ. Нобэ сроГущуэ Iэнчыкъ ебгъэкIа, кьэнIэ ныбжьэгъуГъэм. ПщIэ зыхуэсщI нэхъыкьыфIу сиIащ Iутlыж Борис.

Зи цIэ кьысIуа дэтхэнэмэ си гъащIэм мыхьэнэщхуэ щагъэзэщIащ. Хэбдзыну зы яхэткъым абыхэм. Ахэр зэщхьри? Уафэм ит вагъуэбзм.

ЗэгурыIуэ илъмэ...

ЦIыхУМ кьару кьыхэзыльхъэр, дэрэжэгъуэ кьеэзытыр езым и псэм пищIу иIэрщ. Насыпи псомя и щхьэжщ цIыхур къэзыльхъуахэр хуэпсэуэмэ, и бынхэм игу яхуэзэгъаеу, абыхэм кьащIэхъуахэр и кузэгурыкIмэ. А псомкIи Тхъэр кьыхуэупсащ Къэмбэчокъуэм - абы и щIыбагъ кьыдэтщ дамэ кьэтхезыгъакIэ и унагъуэ дахэр. Нобэ иIэ псори зи фIыщIэу кьиIытыгъ, зэрыжаIэу, мафIэм ирамыгъэсу, псыдзэм ирамыгъэжьу зыIащIэ, жьыщIэ мэхъуа хъуауэ и жьэгу пащхъэр хуэзыгъэхуабэ и адэанэрщ. Бзыльхъуэгъэ зэкIужщ, губзыгъэщ Iэдэм и щхьэгъуэр. Унагъуэр зыхуей зэрыхунгъаэзм кьыдэжьу, Римма университетым щрегъаджэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидатщ. ЩIалитIрэ зы хъыджэбзрэ яIэщи, псори унагъуэ хуэзэщ. ЗэгурыIуэ, акьыл зэрыльэныгъуэм диссертацIэу ту пхахьэкIэу балигъ псори КъБКъУ-м щызэдолажьэ. А псорн узыщыгуфIыкIынми, Iэдэм дэрэжэгъуэ нэхъ ин дыдэ кьеэзытыр, дауи, и кьурэрыльхъэрщ. Жьрасэн, Албэч, Iадам сымэ зыпинщIын щIэныкъым абы.

ИгъащIэ гъандэрэ адыгэм и хьэлкъэ?

- АРАКЪэ-тIэ, Iуэхун дэпъи имыIэу, зи ужь ити зыхуэхъуапси щымыIэу, зипхуэдизкIэ щэсу ежьжьыр игъащIэ гъандэрэ адыгэм и хьэлкъэкIэ, Хэт жиIэн ар и щIыпIэ иIэныжьыр? Къэзпсапl щIэу гугъэ, гумызагъэ Iуэху, хьэмэр щIэщыгъуэ ныхъуэ - кьащIэ уэ?- - дэхьэхъ, и зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр зэригъакIуэ щIыкIэм сыщыщIэпхуэнэ, а псалъэхэрщ Iэдэм си упщIэм и жэуапыр кьызэрыщIидзар. - КIэрашэ Тембот и «Шу закъуэ» романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэ Ерыстэм жиIа а псалъэхэр сэ кьызэхъэIами ярейщ. Сыту жыIэмэ, зыкьызэщIэспхъуэту, си закъуэу машинэ ситIыскъэу жьажьэ сыкIуэну сфIэфIщ. Псом хуэмдэу си псэр зыхуэпабгъэр Адыгейрщ. Хэт ищIэрэ, ди адэжьхэм я хэкужьу зэрыщытар араУз пIэрэ? СфIэфIщ гъэмахуэ жэщым гуБгъэ нэщым сигу уафэм ис вагъуэбзм сахэпльэн. Куэдым урегъэупсыс абы: дунейм и кьыщIэдзапIэм, ухьжьыпIэм...

Епсэльар **НэщIэпыджэ Замирщ.**

«Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ ансамблыр илъэс 20 ирокъу

1998 гъэм щэкIуэгъуэм и 2-м кьыззэрагъэпэща «Нал цIыкIу» ансамблым концерт куэд дыдэ щIатащ КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэрэсей и кьалэхъэмп, хамэ кьэралхэмп. Зи ныбжьыр илъэс 20 ирикъу гупым и гъэсэн ныбжьыщIэхэм ящIыщ куэд профессиональнэ къэфакIуэ ансамблхэм щолажь. Ансамблым кьратащ КъБэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм я правительствэхэм, Урысейм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI ЩIыхь тхыльхэр. Абы «КъафэмкIэ щапхъэ зытрах ансамбль» щIэлъапIэр 1992 гъэм кьыфIащащ. Ар зыжьанэрэ хэтащ Сыхьум кьалэм щекIуэкIыр. Ар зыжьанэрэ щIэнхабзэхэм я дунейпсо фестивалхэм, «Останкино» телес тушем и «Шире круг», «Урысейм и ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр» нэтынхэм, «Iуащхьэмахуэ и щIыгу щагъэзащIэ къафэхэр» фIащауэ адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо зэхъыбэ прагъэкIуэкIым, Словениемк, Альджыж щыIэзэ тэ Дунейпсо фестивалхэм я лауреатщ, Урысейм и сабий къэфакIуэ гупхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэу Волгоград кьалэм щекIуэкIам япэ увыпIэр кьыщихьауэ щытащ. 1995 гъэм, Аксэр хэтащ дирижер цIрыIуэ Сергей Сергей и фондым 2008 гъэм иригъэжьауэ дунейпсо фестивалым.

***Ансамблым и тхьэдэм, нобэ иIэ зэфIэкIым тедгъэпсэльыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ абы и кьызэгъэпэщакIуэ, художественнэ унафэщI, Ингуш Республикэм и къэбардей-Балъкъэр Республикэм и къалэхъэмп, хамэ къэралхэмп. Зи ныбжьыр илъэс 20 ирикъу гупым и гъэсэн ныбжьыщIэхэм ящIыщ куэд профессиональнэ къэфакIуэ ансамблхэм щолажь. Ансамблым кьратащ КъБэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм я правительствэхэм, Урысейм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI ЩIыхь тхыльхэр. Абы «КъафэмкIэ щапхъэ зытрах ансамбль» щIэлъапIэр 1992 гъэм кьыфIащащ. Ар зыжьанэрэ хэтащ Сыхьум кьалэм щекIуэкIыр. Ар зыжьанэрэ щIэнхабзэхэм я

Иджы япэу къыттокIуэ

Нэгъэщ1у пэлъэщыртэкъыми, Коллер ираудащ.

«Крылья Советов» (Самар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 2:0 (0:0). Самар. «Металлург» стадион. Щэк1уэгъуэм и 8-м. Щ1ыхь мин 19 епльащ.

Судьяхэр: Дорошенко (Ейск), Барышников, Цветнов (гIури Мэзкуу щыщщ).

«Крылья Советов»: Лобос, О Бом Сок (Лейпток, 46), Ярошик, Белозёеров, Будылин (Бут, 71), Савин, Тараное, Ковбэ (Эскобар, 84), Бобёр, Тихонов, Коллер.

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченкэ, Джудович, Амисулашвили, Кисенков, Самсонов, Джатэрыкъ, Дзыхьмыщ1 (Гъэущокъуэ, 62), Мэзыкъуэ, Сирадзе, Фрунзе (Калимуллин, 56).

Топхэр дагъэк1ащ: Савиным, 55 (1:0), Лейптон, 58 (2:0).

Дагъуэ хуащ1ащ Фрунзер Савиныр.

Премьер-лигэм зэрыщыджэгурэ «Крылья Советов» - «Спартак-Налшыкым» иджыри къэс зэи къытек1уатэкъым: Налшык щэк1уэк1а зэ1уащ1ыщыр зэрытемыгъэк1уэуэ ихат, нэгъабэ абы и пэ ильэсми ди щ1алэхэр Самар хэгъэрейхэм 2:1-уэ щефI эк1ат. А щытык1эм гугъэ дигъэщ1ырт, иджыри налшыкдэсхэм я Iуэхур ядмк1ыну. Арщхьэк1э мыгъэрей зэхьэзэхуэм и к1эуэ зыхьмыхуу езыгъэк1уэк1 «Спартак-Налшыкым» аргуэру дигъэгуфIэфакъым.

Дауи, Краснэжан Юрэ и гъэсэнхэр хущ1экъуащ къахуэпсалъэхэм я бжыгъэ ягъэмэщ1эну. Араш Самар щэк1уэк1а зэ1уащ1эр хуабжьу жыдджэру к1ыщ1адзэу ебгъэрык1уэныгъэ лъэщхэр щIрагъэк1уэк1ари. Абыхэм ящ1ыщ ыш Дзыхьмыщ1 Марат бжыгъэр къызэIуихыным мащIэ дыдэщ и1эжар. «Крылья Советовым» и футболистхэр ди гъуэм япэу к1ыщ1ещыр командхэм загъэпсэхуну ик1ыным и эблигъаунщ.

Загъэпсэхуу джэгуп1эм къызэрихьэжу самарэдэсхэм зрачащ ик1и дакъик1ыщым к1ырубгдэу топит1 к1ыхтудагъэк1и, абы к1ыгъэдзыха «Спартак-Налшыкым» адэк1э зыкъыхуэуэжьажьым.

Арати, 2:0-у хэгъэрейхэр теk1уащ. Ди щ1алэхэм, ижь-рей мазэрэ ныкъуэм зэрек1уэк1ым хуэдэу, гукъыдэж къыдатфакъым ик1и турнир таблицэм къыщек1уэхащ.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм хэт адрей командхэр зэрызэддэжгуам и гугъу пщ1ымэ, къэралым и чемпионыщ1э **«Рубиныр»** Тэтэрстаным щыхуIэта гуфIэгъуэ дауэдапщэм игъэбэлъ-рыгъащ. Араш зытеплъхьэ хъунур къэзандэсхэр я стадионым щыджэгуу Грознэ ик1а **«Тэрчым» 3:1-уэ** зэрыхигъэщ1ар.

Мы джэгугъуэм и ужьк1э гурыIуэгъуэ хъуащ зэхьэзэхуэм и дыжьын, жэз медалхэр ЦСКА-мрэ «Динамомрэ» къэзэрылъысынур. Хэт дзэнэрами щызэхэк1ынур иужь махуэрауэ к1ыщ1эк1ынущ. Ар на1уэ ящ1ащ абыхэм я ныкъуэкъуэгъуэу «Спартакымэ», «Амкарымэ», «Зенитымэ» тек1уэныгъэхэр къаэзрыхуэмыхьам.

Командхэр иужьу зэрызэддэжгуар. **«Химким»** (Мэзкуу) - **«Томь»** (Томск) - **1:1, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **0:1, «Шинник»** (Ярославль) - **«Сатурн»** (Мэзкуу щыщ) - **0:1, «Химкиным»** (Мэзкуу) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:0, «Москва»** (Мэзкуу) - **ЦСКА** зэ1ущ1эр щек1уэк1ар дигъэзэпшъхьщ.

Мыгъэм иужь дыдэу «Спартак-Налшыкым» щэк1уэгъуэм и 16-м премьер-лигэм хьыхь джэгугъуэ и стадионым щриг-гъэк1уэк1ынущ. Сыхьэтыр 14-м абы къригъэблэгъэнущ премьер-лигэм кхыхнэну хуащ1эку «Химкиным».

Нэгъэщ1у пэлъэщыртэкъыми, Коллер ираудащ.

Футбол

Зэ1ущ1э нэужьым

КРАСНОЖАН Юрэ, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Самарэдэсхэр очкоищым нэхъ хуэныкъуэт

- Зэ1ущ1эр хъарзынэу къыщ1эддзат. Джэгум щ1ымыдзэ щыкI дызэрызэгурыIуэр щ1алэхэм тэмэму я гъэзащ1эр, топыр хьэрхуэрэгъуэм къытрахыуэр гъуэм ебгъэрык1уэрт. Ауэ «Крылья Советовыр» тек1уэныгъэм нэхъ хуэныкъуэу къыщ1эк1ащ. Тепщэныгъэм ущ1эбэнын хуейщ, арщхьэк1э ди гъуэмк1э дыкъыкIуэтыжащ.

- **Коллер и джэгук1эр дауэ къыфIыщыхьуа?**

- Зэрыщыту къапщтэмэ, футболистым дыпалъэщащ, ауэ а лэжьыгъэм гъуащхьэхъумэ куэдыIуэ хуэхтхэн хуей хъуащ. Абы и зэранщ топитIыр къызэрытхудагъэк1ар.

СЛУЦКИЙЛеонид, *«Крылья Советовым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Джэгук1э хъарзынэ къэдгъэлъэгъуащ

- Зэ1ущ1эм и япэ Iыхьэм дунейм и щытык1эм ди джэгук1эм зэхъуэк1ынагъэ гъэрхэр хилъхьащ. Топ цанлъэр т1эщ1э-к1ыуэрэ налшыкдэсхэм контратакэ псынщ1эхэр къызэрагъэпэщащ. Г1ыпэм Iыхьэм ди джэгук1эр нэхъ зэтедухуэжащ и1ки ик1и ехъулIэныгъэ хъытхуахьащ. Си гуапэщ Лейптон джэгуп1э губгъэм къыхьэу топ зэрыдигъэк1ар.

- **О Бом Сок сыт щ1эпхъуэжар?**

- Щ1алэм фэбжь игъуэтат.

- **Будылин сыт и лажьэр?**

- Ари араш. Фэбжьхэм я хьэлъаг1ыр УЗИ нэужьым къэтщ1эныщ.

- **Сыт зэ1ущ1эм щищ1идзэм Бут джэгуну къыщ1умыгъэхьар?**

- Нэхъапэк1э «Шинникым» дедгъэк1уэк1а зэ1ущ1эм Белозеров - Ярошик гъуащхьэхъумэ зэпыщ1эныгъэр фIыуэ джэгуащ. Абы къыхэк1ик1э зыгуэр хъуэжьыр хуейуэ къэслыатхьэм. Къищынэмыщ1ауэ, футболистыр ЮАР-м и командэ къыхэхам ираджащ и1ки «Тэрчым» дедгъэк1уэк1ыну зэ1ущ1эм зэрыхэмытыщIыныр къэтлъытэри, зи гугъу тщ1ахэр дгъэхъэзырым нэхъ къэтщтащ. Шэч хэмылъу, Бут ди футболист нэхъ льэщхэм ящыщщ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

ЖЫЛАСЭ Зауэ.

Тек1уэныгъэм ущ1эбэнмэ, мыпхуэдэ уэсри зэрам къыпхуэхъуфынукъым.

Премьер-лигэм зэхъэзэхуэр зэрыщек1уэк1ым и тепльэр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Рубин»	**28**	**18**	**6**	**4**	**43-20**	**60**
2. ЦСКА	**27**	**14**	**8**	**5**	**45-22**	**50**
3. «Динамо»	**28**	**14**	**8**	**6**	**38-28**	**50**
4. «Амкар»	28	12	9	7	27-21	45
5. «Зенит»	28	11	11	6	55-35	44
6. «Крылья Советов»	28	11	11	6	42-25	44
7. «Спартак»	28	11	10	7	40-34	43
8. «Локомотив»	28	11	8	9	32-29	41
9. «Москва»	27	8	11	8	28-29	35
10. «Тэрч»	28	9	7	12	25-38	34
11. «Спартак-Налшык»	**28**	**8**	**7**	**13**	**28-36**	**31**
12. «Сатурн»	28	7	10	11	25-29	31
13. «Томь»	28	7	8	13	23-36	29
14. «Химки»	28	5	9	14	31-50	24
15. «Луч-Энергия»	**28**	**3**	**11**	**14**	**22-48**	**20**
16. «Шинник»	**28**	**4**	**6**	**18**	**24-48**	**18**

«Крылья Советов» (Самар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:1 (2:0). Щэк1уэгъуэм и 7-м. Самарэ. ВВС-м и ЦСК-м и стадион. Щ1ыхь 800 епльащ.

Судьяр: Старков (Тольятти), **«Крылья Советов»:** Юрченкэ (Москвин, 58), Ткаченкэ, Политевич, Шустиков, Засеев, Киселев, Кузьмин, Буздовский (Попков, 72), Лысков, Подрезов, Рушницкий (Попов, 62).

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ (Щоджэн Аз., 46), Щоджэн Ас. (Степанов, 46), Васин, Щэрий, Карауш, Шернас (Патяк, 46), Балькъэр, Бырхъэм, Бикмаев (Фелипе, 46), Пьубк (Михеев, 78), Къажэр.

Дагъуэ хуащ1ащ Бикмаевымрэ Шернасрэ.

Хэгъэрейхэм зэрахуэфащ1у, самарэдэсхэм я командэм зэ1ущ1эр зэрыщ1идзэу тепщэныгъэр иубыдащ. «Крылья Советовыр»ебгъэрык1уэ зэпытт. Апхуэдэу *7*-нэ дакъик1ькъм ди гъуащхьэхъумэхэр Рушницкэм тепльэкъуек1ри, бжыгъэр къызэIуихыну Iэмал иратащ - 1:0.

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Я лъэр щ1иудащ

Зэ1ущ1эр зэрыщ1идзэу къыхудагъэк1а топым ди щ1алэхэм я лъэр щ1ыдат, Iэнкун хуиат Налшыкдэсхэм тэмэму зыIэпахьыфыртэкъым. Арк1ыгъэсэбэпащ «Крылья Советовым», бжыгъэр къызэIуэпыха Рушницкэм топыр гъуащхьэхъумэхэм Iэзэу яблихри, лъэщу еуащ - Кращенкэ абы къыхуегъэзэжакъым - 2:0.

Налшыкдэсхэм я джэгуп1эм зрагъэк1ащ къымыщ1 тренер нэхъыщхьэ Гъубж Вячеслав етIуанэ Iыхьэр щыщ1идзэжым ирихьэлIэу зэхъуэжк1ыныгъэхэр игурагъэк1ащ. Гъуащхьэ гтри яхэту абы щ1алиплI дкэгуп1э губгъуэм ирагъэк1ащ.

Къызэрыщ1эк1амк1э, лэжьыгъэ псори псыхэк1уадэт. ЕтIуанэ Iыхьэр зэрыщ1идзэжрэ дакъик1ыптху дэк1уэ арат «Крылья Советовым» и гъуащхьэхъумэныкъуэ Кузьмин бжыгъэр 3:0-м щынигъэсам. Самарэдэсхэр зэуэ дэтхэнэ топри гъуэм занщ1эу дыдэр т.

Ди командэм и пщ1эр хьэрхуэрэгъуэхэм хэутэн дыдэ яригъэщ1ак1ым Бырхьэм Къантемыр. Набдзэгубдзапльагъэр зыфIэк1уэда «Крылья Советовым» и гъуащхьэхъумэхэм ик1ыпик1ыхри, щ1алэр щ1ыуэ топым я деж къыщ1ыувыIэрт, зэм зымащ1эк1э гъуэм текуэрт зэгъэк1ым.

Дауэ хъуами, зэ1ущ1эм к1эух псалъэр «щ1ыжызыIар» хэгъэрейхэрщ. ТопитI къытхудэзыгъэк1а Рушницкэм и пIэк1э джэгуп1э губгъуэм къихьа Поповым наIуэ ящ1ащ хьуэжыкIафIэ зэхьэжащ. Зэ1ущ1эр иухыным дакъик1ьэ зыбжанэ фIэк1а къэмынэжауэ абы Щоджэн Азэмэт и гъуэр «хигъэщ1ащ» - 4:1.

«Спартак-Налшыкым» и щ1алэгъуэ командэм иригъэк1уэк1а зэ1ущ1э 28-м и ужьк1э турнир таблицэм еянэ увыпIэр щ1ыгъщ.

Щыгъуаэз фыхудощ1адрей командхэр зэрыщ1идзэгам: **«Химки»** (Химки) - **«Томь»** (Томск) - **0:2, «Шинник»** (Ярославль) - **«Сатурн»** (Мэзкуу щыщ) - **4:4, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **1:0, «Амкар»** (Пермь) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **0:0, «Рубин»** (Къэзан) – **«Тэр ч»** (Грознэ) - **1:1, «Динамо»** (Мэзкуу) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:3, «Москва»** (Мэзкуу) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Щэнхабзэмрэ гъуаздж эмрэ

Ростропович Мстислав папщIэ

Апхуэдэ фIэщыгъэщIэм щIэту Самарэ къалэм макъамэ фестиваль къыщыгъэIуахащ. Мы къалэм гуапэу тепсэльыхьу щытат Ростропович, ильэс куэдкIэ хамэ жэрал щыпсэуэ нужьи, къызджрГъэзэжар Самарэт.

АБЫ ХЭТЫНУЩ дирижер щ1эрыIуэ Гергиев Валерий, Маринскэм театрым и симфоние оркестрымрэ и зэрэджыIакIуэхэмрэ, виолончелистхэм я VII зэ1ущ1эр Ростроповичым и щ1эк1э къызэрагъэпэщ1ам и гран-при саугъэтыр зыхуагъэфэща Васильевэ Татьянэ, нэгъуэщ1хэри.

Фестивалым и хьэщ1энущ балеринэ Плисецкэ Майерэ композитор Щедрин Родионрэ. Фестивалым утыку кхыщ1рахьэнущ Щедрин и «Лолита» оперэм и етIуанэ Iыхьэр, Прокофьев Сергей виолончелымрэ оркестрымрэ папщIэ итха и симфониер, Шостаковичи Дмитрий и епщ1ык1утхуанэ симфониер.

Бзэгузехьэу щытауэ жалэ

Дуней псом щыщ1эрыIуэ тхак1уэ Кундерэ Милан полищэм ядалажьэу щытауэ жалэу хьэрГъэщыргъэшхуэ къыщ1этащ литературэм и хэку Чехием.

ГАЗЕТХЭМ ящ1ыщ зым тхыгъэ къытехуащ Кундерэ щыстудентам щыгъуэ полищэм бзэну ихьу, и ныбжьэгъэ у-диссидентым абы и зэранкIэ тутнакъэщ1ам ильэс 14 щигъэк1уаэу жаIэу яту.

Тхьэмахуэ к1уам Чехием и телевидензмкIэ ек1уэк1ащ Кундерэ и блэк1ам теухуа нэтын. Абы къыхэзрыхьэщ1амкIэ, залымыгъэ щыхэрахьа ильэсхэмрэ абы щыгъуэм къэралым и унафэр зыIэщ1эльа щ1ыхуэхэмрэ я Iэужьыр зыдж институтым полищэм и архивым къыхихащ коммунист унафэщ1хэм ящ1эщ1эта Дворжочек Мирослав ябубыдыжмкIэ Кундерэр зэрадэIэпыкъуэм щыхьэт техьуэ тхыгъэ.

Тхак1уэм и гъащ1эр къызэрек1уэк1ам щыгъуаэзэхэм ящ1э 1968 гъэм советыдзэхэр Чехословакием ихьа нэужь, езы Кундерэр Милан диссидент зэрыхьуар, Франджым щыпсэуну зэрыIэпхъуар, «Книги и забвения» тхылъыр къыригъэк1а нужь, Чехословакием и гражданствэр зэрытрахар.

ЛитературэмкIэ Нобель и саугъэтыр зыхуэгъэфэщапхъэу зи цIэр къраIуэхэм иужьрей ильэсхэм зэпымычу Кундерэ ящ1ащ. Ар щыпсэур Франджыращ, зэрытхэри а къэралым и бзэрщ.

Унагъуэ, сабий фильмхэр

Новосибирск щек1уэк1ащ унагъуэ, сабий фильмхэм я япэ дунейпсо фестиваль. «Унагъуэ» фестивалым и президентыр Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистхэр Алферовэ Ириндж.

АБЫ КЪЫЗЭРЫХИГЪЭЩ1АМКIЭ , зэ1ущ1эм щагъэльэгъуащ фIым я фIыжу къальыта режиссер лэжьыгъэхэр.

Къэрал 15-м щ1ыщ кинематографистхэр зыхэта зэхъуэхъэм ящ1ащ художественнэ, анимацэ фильму 80-м щигъу.

Григорович Юрий и лэжьыгъэщIэ

Краснодар дэт Музыкэ театрым ящ1эу щагъэльэгъуащ *Григорович Юрий* и гъэзэ-щ1ая красавца» балетыр, 1963, 1973 гъэхэм Театр Иным щигъэзэуар.

КРАСНОДАР къалэм утыку кхыщ1рихьа мы лэжьыгъэм Григорович щихьумащ Петипа Мариус и балетым кхыхэщ1 классик къэхьэ-к1эр, ауэ езым и Iуэху бгъэдыхьэк1э гъэщ1эгъэнхэри кхыщ1игъэсэбэпащ. Партие нэхъыщхьэр, Авророр принцессэм ейр, зыгъэзэщ1ар Театр Иным и солистхэр Капцовэ Нинэщ.

Зэхуэдэхьэсар

ИСТЕПАН Залинэщ.

Хъуэхъу

Щ1эджэм куейм хьыхь Лашынкъей къуажэм щыпсэу Къуэзэпльыжь Борис Залымджэрий и къуэр къыщ1ащ1ыуэ махуэщ, ильэс 60 ирокъурп, дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщ1, фIыуэ тлъагъу Борис! Нобэ уи махуэшхуэр уогъэтлъапIэри, дынохъуэхъу псом я щхьэ уэынщагъэр уиIэу, уи жьэгур, хъэщ1э етIыгъэхыпIэрэ уналIэ махуэу, уи егъэджак1уэ Iэщ1агъэм и хъер пльагъуу упсэуну ди гуапэщ. Уи щхьэгъуэгъэ къыпIкъуэту, гъащ1эм и Iэфыгъэ псори зыхэпщ1эу, уи быным я насыпым уригушхуэу куэдрэ дяпэ ятныну Къъэм жиIэ.

Уи унагъуэр, уи бынхэр, уи Iыхьлыхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м

Ахъшэ пэк1уэу, жэуапри щхьэщ1ахыу

Жэпуэгъуэм и 15-м щ1ыщ1эз «Iэщ» лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэр республикэм зэрыщек1уэк1ым теухуауэ щытащ Къэрал к1уэщ1 Iуэхуэхмк1э министерству КъБР-м щыIэм щ1ыхэхта зэ1ущ1эр.

ЖУРНАЛИСТХЭМ щепсалъэм МВД-м и лицензэ къудамэм и инспектор нэхъыжь **Жабоев Магомед** къызэрыхигъэщащ, хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщ1эр, абы иралъхьэ щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр щ1ыхуэм щ1Iэк1э, абы щыгъуэми уголовнэ жэуапым ирамышалIэу, ятыну хуит зыщ1 Iыхьэгъэр зыдэу ирагъэк1уэк1ауэ щытащ 2006 гъэм и к1эм. Абы щыгъуэ ятащ сом 1 мелуанрэ мин 41-рэ и уасэ Iэщ1эфащэ зэмылIэужьыгъуэу 243-рэ.

Дызэрыт ильэсым «Iэщ» лэжьыгъэм и япэ Iыхьэр мэлыжьыхьым и 1-м щ1ыщ1идзауэ накъыгъэм 1 щ1ыпIэ ек1уэк1ащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу хабзэхъумэ органхэм ирахьэлIащ сом мин 698-рэ и уасэ Iэщ1эу 168-рэ. Къата Iэщ1фащэм пэк1уэ щ1Iэр щ1ыхуэхм нэсу я1эрыхащ.

- Гу зэрылъыфтащи, к1уэ пэтми бжыгъэр йох, апхуэдэу щ1ыщ1ыткIэ, хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщ1эр нэхъ мащIэ мэхъу. Мы гъэм ек1уэк1 «Iэщ» лэжьыгъэм и етIуанэ Iыхьэм зэрыщ1идзэрэ къатахэр куэд хъуркъым. Ауэ, зэрыхабзэщ1ри, щ1ыхуэхэр нэхъ жыджэру Iуэхум к1ыщ1ыхьхэр ар и к1эм щынэблагъэм дежщ, - жиIащ Жабоевым.

Иджыри зэфигу к1эдгъэк1ыжыщ1ри, хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Iэщ1эр хэгъэзыхь щымыIэу зыт щ1ыхуэр уголовнэ жэуапым ирашалIэркъым, ягъэуа уасэм тету пэк1уэ ахьщэри ират.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм лэжьыгъэ ныкъыкIахэр ирагъэк1уэк1 Iэщ1эк1э зыщ1щ1эзыуэхэм бзаджащ1э гупхэм хэтхэр убыдыным, хабзэм къемызэгъыу зэрагъак1уэ къагъэуэ Iэмэпсымэ Iэрыщ1эр, Iэщ1эр, щэхэр къатехьыным теухуауэ.

2008 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м КъБР-м щыIэ МВД-м, Урысей ФСБ-м и Iуэхуэщ1апIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм Налшык къалэ Кировымрэ Байсултановымрэ я уэрамхэм я зэхэк1ыпIэм дежь щ1ыбыдащ ВАЗ-2107 автомашинэр, бзаджащ1э шынагъуэ, щэнейрэ суд зытращ1ыхьа, 1977 гъэм къалъхуа Хубиев Алим зэрысар. Ар щ1эпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэриIэкIыну щ1ыпхъаджащ1э бзаджащ1э гупхэм хэтхэр убыдыным, хабзэм къемызэгъыу зэрагъак1уэ къагъэуэ Iэмэпсымэ Iэрыщ1эр, Iэщ1эр, щэхэр къатехьыным теухуауэ.

Хубиев А.С. щ1ыбыдым Iэщ1эк1э къапэувыну хэтащ.

Щ1Iэпхъаджащ1эр къыщащ1ым къытрахащ ПМ кIэрахъуэр, ший зэрылъ шалъэр, мм 9 хъу щэуэ 16 зэрылъ целлофан пакет.

А махуэ дыдэм Прохладнэ къалэм и Свободэ уэрамым тет уней щ1апIэм щ1ыбыдащ Хубиевт А.С. и пашэгъу, бандэ гупхэм жыджэру хэт, КъБР-м и цIыхуэхэм яхуэгъэзауэ щ1эпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэриIэжьам къыхэк1ыну къалъыхьэу, 1983 гъэм къалъхуа Жылэ Рустам.

Жылэ Р.Х. здэщ1ыпэ псэупIэр къыщащ1ым къыщ1ащ1ахащ: Ф-1 гранатэ, Калашников автоматым и шалъэрэ пIэтIрон 50-рэ, Макаров кIэрахъуэм и кIэрахъуэлъэ, камуфляж фащэ, куэдрэ зэпымыхьэ ерыскъыхэхкIэхэр, хущ1ъуэхэр, экстремист литературэ, компас, спирт гъущ1э, щак1уэ мафIэдз.

Сыхьэт зыбжанэк1э нэхъ гувауэ Прохладнэ - Ново-Полтавскэ гъэзуэм и 1-нэ километрым дежь къыщ1агъэуэ щ1ыжызыIар» хэгъэрейхэрщ. Топитl къытхудэзыгъэк1а Рушницкэм и пIэк1э джэгуп1э губгъуэм къихьа Поповым наIуэ ящ1ащ хьуэжыкIафIэ зэхьэжащ. Зэ1ущ1эр иухыным дакъик1ьэ зыбжанэ фIэк1а къэмынэжауэ абы Щоджэн Азэмэт и гъуэр «хигъэщ1ащ» - 4:1.

«Спартак-Налшыкым» и щ1алэгъуэ командэм иригъэк1уэк1а зэ1ущ1э 28-м и ужьк1э турнир таблицэм еянэ увыпIэр щ1ыгъщ.

Щыгъуаэз фыхудощ1адрей командхэр зэрыщ1идзэгам: **«Химки»** (Химки) - **«Томь»** (Томск) - **0:2, «Шинник»** (Ярославль) - **«Сатурн»** (Мэзкуу щыщ) - **4:4, «Спартак»** (Мэзкуу) - **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **1:0, «Амкар»** (Пермь) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **0:0, «Рубин»** (Къэзан) – **«Тэр ч»** (Грознэ) - **1:1, «Динамо»** (Мэзкуу) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:3, «Москва»** (Мэзкуу) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:0.**

КЪЭХЪУН Бэч.

Гу зылъытапхъэ

Дзэ къуулыкъур - контрактк1э

Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым контрактк1э къуулыкъу щащ1эн папщIэ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым къыхех зи ныбжьыр ильэс 20-м щ1ыщ1эдзауэ 40-м нэс щ1ыхуэ запасым щыIэкъым.

АБЫХЭМ лэжьапщIэу иратынущ сом мин 25-рэ, нэхъыбэ.

Дзэ къуулыкъур контрактк1э езыхьэк1ыну хуейхэм Налшык къалэм и комиссариатым зыхуагъазэ хъунущ мы адресымк1э: Краснoармейскэ уэрам, 26, пэш 24. Телефоныр:**44-10-83.**

Теплъэгъуэхэр

Iуащхьэмахуэ льапэ и ищхьэрэ лъныкъуэмк1э.

Щ1эпхъаджащ1эхэр яубыд

выащ 1989 гъэм къалъхуа бахъсэндэсым зэригъаIуэ ВАЗ-2106 автомашинэр, мы гъэм ядыгъуэ, Налшык щыпсэу щ1ыхубым и ВАЗ-21009 автомашинэр и къэрал номерхэр зытельыр.

Автомашинэр кхыщащ1ым къытрахащ: Калашников автоматэу 1 мм 5,45 хъу щэхэр зэрылъ шалъэхэр ящ1ыгъуу. Iэщ1эр кхыщ1ащ1эсэбэпыным хуэгъэпсат. Апхуэдэуи кхытрахащ АК-м и шалъэ уэздауэ 2, уэздауэ, щхьэхуэзу зэк1уэщ1ыльу щэ 22-рэ.

Псори зэхэту кхытрахащ ши 144-рэ.

Кхытраха Iэщ1эмрэ абыхэм иралъхьэ щэхэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ, «Криминал Iэщ» базэм хэтмэ, хъапщытэн папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ органхэм фIыщIэ хуащ1 щIэпхъаджащ1эхэм ебэныныкIэ закъыщIэзыгъак1уэхэм ик1и республикэм и цIыхуэхэм кхыводащ Хубиевт А.С. и пашэгъу, бандэ гупхэм жыджэру хэт, КъБР-м и цIыхуэхэм яхуэгъэзауэ щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэриIэжьам къыхэк1ыну.

Мыхьэнэ зиIэ хэубар кхызыбгъэдэкIыр хэтми хэIуцIыIу ящ1ыныкъым, ахъшэшхуэ иратынущ.

Телефонхэр: КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10; КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхьэзыгъэмкIэ и управленэ: 47-65-82; УФ-м и прокуратурэм Следственнэ комитету КъБР-м щыIэм: 40-46-13.

КъБР-м и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэ зэгуэт.

Хъыбарегъащ1э

Къэбэрдей драмэ театрым фрегъэблагъэ

Щоджэнц1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым щэкIуэгъуэ мазэм мыпхуэдэ спектаклхэмрэ зэ1ущ1эхэмрэ щек1уэк1ынущ:

Щ1эк1уэгъуэм и 18-м

Абу-Бакар Ахьмэтхьан. **«Алмэстыхэр»** *(гушыI э).*

Щ1эк1уэгъуэм и 20-м

КъБР-м и цIыхуэ артистхэр Щэрмэт Людмилэ и творческэ пшыхь.

Щ1эк1уэгъуэм и 25-м

Думэн Мурадин.**«Уэлий и парашют»** *(гушыI э).*

Щ1эк1уэгъуэм и 27-м

Рей Куни. **«Щ1ыхухъур, щ1ыхубзыр, хьэдэ мыщ1ыхур...»** *(гушыI э).*

Театрым и хуэ жестиненэ унафэщ1ыр Урысей Федерацэм щ1ыхъ зиIэ и артист Щ1ыбзыхъуэ Басирщ.

Щ1ыщ1идзэр сыхьэт 18-рэ дакъик1ь 30-рщ.

Телефонхэр: **42-64-94, 42-33-89.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖьэкIэмыхъу Маринэ

РЕДАКЦэМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и щ1эк1э щ1ыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщ1ан э къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ыхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм зыщ1ежьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ пиксымэхмк1э - 42-22-88; етъэщ1эжьнэгъэмрэ щ1эныгъэмк1э - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пжагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытк1ым.

Газетыр Iэ тельдахэм яхуэхьыщыр и пщ1э дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщ1эныгъэхэмк1э и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щ1ымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

КъБР-м Щ1ыхабзэмрэ хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмк1э и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и пIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ и цIэк1э щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэк1ыгъуэм елъытыжьхэм: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Тхьэмокъуэ Барэбий, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табыщ Динарэ *(2,3-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Хьэфыщ1э Марьянэ. *Компьютерк1э газетым и теплъэр щ1ащ:*** **Щак1уэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ тедзэн куэдрэ щыIэ сыхьэт 20.00-м.

Щ1ыгъэдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №3686